# QARAQALPAQ HAYAL-QÍZLAR POEZIYASÍNDA NÁBIYRA TÓRESHOVA LIRIKASÍNÍŃ ÁHMIYETI

**Tleuniyazova Gúlmira Bayniyazovna**
*Óz RIA Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı úlken ilimiy xızmetkeri, (PhD), doc., Nókis qalası*

**Mnajatdinova Makarya Jumabaevna**
*Óz RIA Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı doktorantı, Nókis qalası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079093

***Annotaciya:*** *Bul maqalada qaraqalpaq shayırı N.Tóreshova poeziyasınıń baslı ózgeshelikleri sóz etilgen. Shayırdıń ádebiyatqa kirip keliwi, qosıqlarınıń ideya-tematikalıq baǵdarları, janrlıq izlenisleri qısqasha talqıǵa tartılǵan.*

***Tayanısh sózler:*** *Hayal-qızlar poeziyası, lirika, N.Tóreshova.*

Shayır N.Tóreshova degende oyımızǵa eń daslep qaraqalpaq hayal-qızlar poeziyası yamasa qaraqalpaq hayal-qızlar ádebiyatı degen túsinik keledi. Óytkeni, qaraqalpaq kórkem ádebiyatı tariyxında sózden dúr jaratqan talantlı hayal-qızlar onshelli kóp emes. XIX ásirde Sapura Jayılbek qızı, Dáme shayır, XX ásirde Bazargul Bekniyazova, Maryam Qasımovalardı barmaq penen sanap aytıwǵa boladı. Al ótken ásirdiń sekseninshi jıllarınan sońǵı dáwirdegi qaraqalpaq poeziyası óziniń bir qatar belgileri menen basqa dáwirlerden ajıralıp turadı. Solardıń qatarında usı dáwirde qaraqalpaq ádebiyatında shın mánisindegi hayal-qızlar poeziyasınıń qálipleskenligin atap kórsetiwge boladı. N.Tóreshova 1970-jıllarda-aq óz dóretpelerin baspasózde jáiyalaw arqalı baslap bergen edi.

Hárbir dóretiwshiniń kórkem shıǵarma jazıwında tiykar bolatuǵın kórkem derekler boladı. Nábiyra Tóreshovanıń jaslayınan dóretiwshilikke aralasıwına eń birinshi gezekte ózi tuwılıp ósken ortalıqtıń, shańaraqtıń, ásirese 22 jıl ómir súrgen, ózi dúnyadan ótkennen soń 1987-jılı «Ómir seni jırlayman» degen at penen qosıqları toplam bolıp shıqqan jigit aǵası Káramatdin Tóreshovtıń tásiri kóp bolǵan. Káramatdin Tóreshov jas bolıwına qaramastan óz qosıqlarına talapshań, izleniwsheń shayır sıpatında tanılıp úlgergen talant iyesi edi.

Lirikanıń mazmunı–insannıń ruwxıy dúnyası, oy-sezimleriniń dúnyası. Qosıq sırtqı ortalıqtıń tásirinen payda bolǵan quwanısh, súyinish, qayǵı-hásiret hám taǵı basqa sezimlerdi, tuyǵılardı, ishki keshirmelerdi, ruwxıy halatlardı, oy-pikirlerdi emocionallıq qızǵınlı sózler arqalı kórkemlep sáwlelendiriw arqalı júzege keledi. Bunı jetkerip beriwshi kópir shayır bolıp esaplanadı. Belgili rus shayırı M.YU. Lermontov «Adam jan dúyasınıń tariyxı pútin bir xalıqtıń tariyxınday áhmiyetke iye» ekenligin aytqan edi. Biz N.Tóreshova shıǵarmalarında ómirdiń álwan túrli

qubılısların sáwlelendiriw menen jámiyetlik turmıstı túsiniwge, turmıstı ózgertiw ushın kerekli jámiyetlik tilek-maqsetlerdi tanıp biliwge úyretetuǵınlıǵın ańlaymız.

Qolımdı pana etip adım ataman,
Kózim ashılmaydı, qumlardan, duzdan,
Ózin bunda jekke hákim sanaǵan,
Dawıl qutırar gellesi qızǵan.
Kózdi ashtırmaydı qutırar dawıl,
Mazaq etip bizge hújim jasaydı,
Aq kewil xalıqqa bárqulla jábir,
Awır táǵdir sirá nesip qusaydı.

Eger bul mısaldı tuwrı mánide mazmunı jaǵınan tallaytuǵın bolsaq, ózimiz jasap atırǵan ortalıq, kúndelikli turmıs, Aral apatına baylanıslı awır ekologiyalıq jaǵday qorshaǵan tábiyattı súwretlew arqalı jetkerip berilgenligin kóremiz. 1997-jıllardaǵı awır kórinisi.

Aral apatınıń joqarıda súwretlengen awır halatın kózi menen kórmegen, onı kóz aldına keltire almaytuǵın búgingi kún oqıwshısı kózqarasınan qaraytuǵın bolsaq, shayırdıń ruwxıy halatınıń sáwlelendiriliwi. Bunı táǵdiri qatal hár bir oqıwshı óziniń ishki halatın oqıp atırǵanday sezinip oqıydı. Demek, shayır dóretiwshiliginde usınday haqqında aytqanda pútkil xalıq yaki adamzat atınan sóz ayta alıw ózgesheligin kóremiz. Qosıq shayırdıń jeke qayǵı-quwanıshları menen sheklenip qalmaydı, al pútkil adamzattıń kewline qozǵaw sala alatuǵın sap kórkem tuwındı dárejesine kóteriledi.

Bunday mısallardı shayır dóretiwshiliginen kóplep keltire beriwge boladı. Máselen, «Áziyzim» qosıqlar toplamına kirgen «Ómir–bul tilsim...» dep baslanatuǵın qosıǵına dıqqat qaratayıq:

Ómir–bul tilsim, bir jaǵı–suw, bir jaǵı–ot,
Pániy dúnya hám aqıretti biriktirer kópiri bar.
Bul kópir sonday tayǵaq, jıǵıladı, qararı joq,
Ottan yaki suwdan tartar, azabı bar, jábiri bar... [1, 27].

Shayır insan ómirin ot hám suw ortasındaǵı bir sırlı jumbaqqa o, dúnya menen bul dúnyanı tutastırıwshı tayǵaq kópirge obrazlı túrde parallel qoyıp súwretlep, kimde-kim óz jolınan adassa ómirdiń awır soqqılarınan jábir tartatuǵının tayǵaq kópir, ot hám suw metaforaları menen jetkerip beredi. Qosıq qatarlarında insan qádir-qımbatı, adamgershiligi onıń ómiriniń baslı qádiriyatı ekenligi haqqındaǵı juwmaqtı beredi.

Shayır qosıqlarınıń xalıq arasında oǵada keń tarqalıp, hátteki xalıq qosıǵı sıpatında atqarılıwı da onıń dóretiwshiliginiń xalıqtıń kewlinen orın alatuǵın qosıqlardı dórete alıwında. Onıń bir ǵana «Háyyiw» qosıǵın aytıp besik terbetpeytuǵın ana Qaraqalpaqstanda tabılmasa kerek.

N.Tóreshova lirikasında eń kóp kózge taslanatuǵın ideya-tematikalıq baǵdarlar ómirdiń mazmunı, adamzattıń ásirler boyı toplaǵan tájiriybesi, jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı gúrestiń máńgiligi, muhabbattı jırlaw sıyaqlı máseleler bolıp tabıladı.

Shayır dóretiwshiliginiń qaraqalpaq ádebiyatındaǵı jáne bir jetiskenligi sonnan ibarat, qaraqalpaq poeziyasınıń jańa formalar menen bayıp, rawajlanıp barıwında óziniń tolǵawlar, tórtlikleri, segizlikleri, ǵázzelleri, qıssaları lirikalıq dúrkinleri menen tabıslı úles qostı. Ásirese, 1990-jıllardan keyin qaraqalpaq poeziyasında tendenciya bolǵan Shıǵıs dástúrlerine qaytıw, olardı qayta janlandırıw baslawshıları hám turaqlı rawajlandırıwshıları qatarında turıp, shıǵıs hám aruz dástúrindegi ǵázzel, qasıydalardı turaqlı jazıp bardı. Ol ǵázzellerdi sol janrdıń tábiyatına sáykes qollana bermesten, onı mazmunlıq jaqtan jetilistirdi. Bizge málim, ǵázzeller ıshqı-muhabbat temasında jazıladı. N.Tóreshovanıń ǵázzelleri ıshqı qosıqlarına qaraǵanda, onda ómir tolǵanısları, adamnıń turmıstaǵı ornı, háreketleri, jaqsılıqları, jamanlıqları sıyaqlı tereń filosofiyalıq mazmunda jazılǵan:

Qorqar bolsań maqtawdan qorq, bálet sózden qorıqpa haslan,
Maqtaw seni soqır etip, haq jolınan burıp tınar,
Qorqar bolsań qollawdan qorq, ańsat dańqqa buqpa haslan,
Átirapqa shıǵalmastay tas diywaldı qurıp tınar.

Hárbir ásir óz ruwxın túsindiriwshi perzentlerin dúnyaǵa keltiredi. Eki ásirdiń perzenti bolǵan N.Tóreshovanıń milliy ádebiyat maydanında utısları da, tabısları da mol. Óziniń qızıǵıwshılıǵına sadıq qalıp, onı rawajlandırıp barıw ushın sol kásipke yaki qızıǵıwshılıqqa degen sadıqlıq bolıw kerek. Ásirese, hayal-qızlar ushın bul oǵada múshkil. Usı múshkil wazıypalardı ardaqlap atqarǵan shayır bunı bılayınsha sáwlelendiredi:

Ekewińizsiz de ómirim biykar,
Biriń iyrim bolıp máwij urarsız,
Biriń mánzillerge talpındırasız,
Sizlerge arnadım nurlı álemim,
Perzentim hám otlı qálemim.

Talantlı hám pidayı shayır N.Tóreshova «Jaslıǵım meniń» (1978) «Ádildiń sózleri» 1-kitabı (1981), «Sáwir samalı» (1988), «Periyzat» (1991), «Ózińnen» (1994), "Ádildiń sózleri" 2-kitabı (1996), "Ana" (2020), "Máńgilik qosıǵı" (2023)

sıyaqlı toplardıń avtorı. Ásirese, onıń eń sońǵı járiyalanǵan toplamındaǵı lirikalıq dúrkinleri shayır poeziyasınıń sońǵı dáwirlerde biraz jetiliskenliginen derek beredi. Bul lirikalıq dúrkinlerde bir neshe jıl ómiriniń mazmunın birge bólisken súygeninen ayırılǵanı menen, táni qartaysa da oǵan degen muhabbatı azaymaytuǵın, kerisinshe, saǵınıshı menen talpınısı kúsheygen lirikalıq qaharmannıń tutas ómiri pútinliginshe sáwlelendirilgenligi menen áhmiyetli. Bunday quramalı qubılıstı jetkerip beriwde lirikalıq dúrkinlerdiń áhmiyeti úlken. N.Tóreshova bul usıldı múnásip tańlaǵan hám tabıslı qollanǵan.

Shayırdıń dóretiwshiligin úyreniw, poeziyasınıń dereklerin belgilew, jańasha kórkem izlenislerin ashıp beriw búgingi qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminiń aldında turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Төрешова Н. Әзийзим. Қосықлар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009.
2. Төрешова Н. Ана. Қосықлар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2020.
3. Төрешова Н. Мәңгилик қосығымсаң. Қосықлар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2023.